# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–27 नवम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु इलाहाबाद केन्द्रीय विश्वविद्यालय क एक सौ छत्तीसवां दीक्षांत समारोह में हिस्सा लिहलें अउर ओइजा उहां के बतौर मुख्य अतिथि मेधावियन के पदक दीहलीं। येह मौका पर उहां के विश्वविद्यालय के छात्रन के महाकुंभ पर सोध कइले क सलाहि दिहलीं अउर कहलीं कि छात्र ओह मुद्दन के आधार पर सोध क बिसय चुनें जेकर जुड़ाव सोझे समाज से होखे। दीक्षांत समारोह में हिस्सा लिहले के बाद मुख्यमंत्री बनारस हिन्दू विश्वविद्यालय क पूर्व कुलाधिपति गिरधर मालवीय के घरे गइलें अउर ओइजा ओन्हें सरधांजलि दिहलें। गिरधर मालवीय क कुछु दिन पहिले सरगबास हो गइल रहे। येही क्रम में मुख्यमंत्री महाकुंभ के कार क निरीक्षण बदे गंगा के दशाश्वमेध घाट पर गइलें अउर ओइजा जल्दी से जल्दी पक्का घाट बनावे क निरदेस दिहलें। मुख्यमंत्री महाकुंभ मेला खातिर अग्निसमन अउर सफाई गाड़ियन के झंडी देखा के रवानों कइलें। महाकुंभ मेला के परेड ग्राउंड में भइल येह कार्यक्रम के सम्बोधित करत उहां के कहलीं कि दुइ हजार ओन्नइस के स्वच्छ अउर दिव्य कुंभ से प्रेरणा लेत येह बेरि क कुंभ क अद्भुत आयोजन करावल जाई।

**********

केन्द्र सरकार आजु नई दिल्ली में राष्ट्रीय अभियान बाल विवाह मुक्त भारत क सुरूआत कइलस। अभियान क खास उद्देश्य देस के बाल विवाह मुक्त राष्ट्र बनावल हौ। महिला अउर बाल विकास मंत्री अन्नपूर्णा देवी अभियान क सुरूआत करत कहलिन कि सरकार एक सौ तीस जिला क पहिचान कइले हवे, जहवां ई अभियान के खास तौर पर चलावल जाई। उहां के कहलिन कि बाल विवाह न खाली एगो अपराध हौ बलुक मानवाधिकारन क उल्लघंनों हौ। अन्नपूर्णा देवी कहलिन कि बाल विवाह मुक्त भारत अभियान खाली दस अउर पन्द्रह दिन क आयोजन नाही हौ बलुक ई एगो लगतारे चले वाला कोसिस हौ।

**********

राज्य क पर्यटन अउर संस्कृति मंत्री जयवीर सिंह कहले हवें कि पर्यटन विभाग प्रदेस के सज्जो बारह टूरिस्ट सर्किट के गंतव्य स्थल ले खास सड़किनि के लग्गे ढाबा, मोटल अउर फूड कोर्ट स्थापित कराई। एकरे स्थापना बदे विभाग आगे आवे वाला निरमाण इकाइयन के पचीस से तीस फीसदी क सब्सिडी देई। पर्यटन मंत्री बतवलें कि पर्यटन विभाग सज्जो मोटल अउर ढाबा क कई गो जरिया से प्रचार–प्रसारो कराई। इच्छुक लोगि येह योजना क लाभ उठावे बदे पर्यटन विभाग क पोर्टल पर सोझे आवेदन कइ सके लें।

**********

प्रदेस में खरीफ क्रय में एजेंसियन की ओरि से अबले सात लाख अट्ठाइस हजार मिट्रिक टन से बेसी धान क खरीद कइल जा चुकल हौ जवन पछिला बरिस के तुलना में अबले एक लाख ओनचास हजार मिट्रिक टन बेसी हौ। बरिस दुइ हजार तेइस–चउबीस में पचीस नवंबर ले एजेंसियन के ओरि से पांच लाख ओन्नासी हजार मिट्रिक टन धान क खरीदि भइल रहे। किसानन के अबले एक हजार चारि सौ चौसठ करोड़ रूपिया क भुगतानो कइल जा चुकल हौ।

**********

उत्तर प्रदेस अधीनस्थ सेवा चयन आयोग कनिष्ठ सहायक क दुइ हजार सात सौ दुइ पदन पर भरती सुरू करे जा रहल हौ। एकरे बदे तेइस दिसंबर से बाइस जनउरी ले ऑन लाईन आवेदन लिहल जाई। येह में संसोधन ओनतीस जनवरी ले कइल जा सकी। आयोग क सचिव अवनीश सक्सेना बतउलें कि आवेदन आयोग क वेबसाइट यूपी एस.एस.एस.सी. डॉट जी ओ बी डॉट इन पर लिहल जाई। उहां के बतउलीं क सामान्य चयन क दुइ हजार पांच सौ अडसठ अउर बिसेस चयन क एक सौ चौउतीस पद हवे।

**********

काउन्सिल फॉर द इंडियन स्कूल सर्टिफिकेट एग्जामिनेशन बोर्ड सीआईएससीई दसवां–बारहवां दुइ हजार पचीस क परीक्षा कार्यक्रम जारी कइ दिहले हवे। बारहवीं क बोर्ड क परीक्षा तेरह फरउरी से सुरू होके पांच अपरैल ले अउर दसवीं क परीक्षा अट्ठारह फरउरी से सुरू होके सताइस मार्च ले चलि। बोर्ड  कहलें हवे कि रेजल्ट मई महीना में अइले क आगम हौ।

**********

आवे वाला एक दिसंबर के गोरखपुर क हिन्दुस्तान उर्वरक आ रासायन लिमिटेड परिसर में मुख्यमंत्री सामूहिक योजना में एगो आयोजन कइल जाई जेहमें मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ क मौजूदगी में करीब बारह सौ गरीब बेटियन क बियाह करावल जाई। योजना में हर बियाह पर सरकार की ओरि से एक्यावन हजार रूपिया खरच कइल जाई। जिला समाज कल्याण अधिकारी वशिष्ठ नारायण सिंह बतउलें कि मुख्यमंत्री सामूहिक विवाह खातिर ऑन लाईन प्रक्रिया के जरिया से अबले छब्बीस सौ से बेसी आवेदन मिलल हवे, जेकर सत्यापन करावल जा रहल हौ।

**********

सैयद मोदी इण्डिया इंटरनेशनल एचएसबीसी वर्ल्ड टूर सुपर थ्री हंड्रेड बैडमिंटन चैम्पियनशिप में आजु भारत क आठवां वरियता प्राप्त खेलाड़ी आयुष शेट्टी भारत बदे रघु मारीस्वामी के हरा के प्री क्वार्टर फाइनल में जगहि बनवलें। लखनऊ के बाबू बनारसीदास स्टेडियम क इंडोर कोर्ट में आयोजित भइल मिश्रित युगल मैच में सतीश कुमार करूणाकरण अउर आद्या बी क जोड़ी जीतलि हवे। महिला युगल में भारत क कविप्रिया सेलवम अउर सिमरन सिंघवी क जोड़ी अपर्णा बालान अउर गौरी कृष्णा टीआर के हरवलसि। एगो अउरियो मैच में पी.वी सन्धु सोझै सेटन में अनमोल खरब के हरवलिनि।

**********